ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№202 (22.110) ● 2011 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Гугъуехьхэр епІэщІэкІ хэмылъ, зэкІэлъыкІуэу дэгъэкІын хуейщ

Республикэм и Президентым жэуапхэр иритащ
КЪБР-м и телеканал нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр зыщІэупщІахэм

Къанокъуэ Арсен яІуІащ республикэм и телеканал нэхъыщхьэу щыІ - «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телекомпание къэрал Іуэхущапіэм, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанием я унафэщІхэм.

Къанокъуэ Арсен

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и УнафэщІым жиІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым Зэрызиужьыну стратегиер, КЪБР-м и инвестицэ проекту 200 зыхьихьэр, 2012 гъэм щегъэжьауэ гъэзэщІэн зэрыщІадзэр. Кавказ Ищхьэрэ республикэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зегъэужьыныкІэ апхуэдэ программэ убгъуа иджыри къэс щылакъым. А проектхэр гъэзэщІэным КъэбэрдейБалъкъэрым и экономикэм ихьрэкІэ зэрыгъэужьынущ. Уеблэмэ, япэ лъэхъэнэм кьыхаха проект 26-м хиубыдэу лэжьапІэ ІэнатІэу мин 16 кьыззэрагъэпэщынущ. Ар икъукІэ пщІэшхэу зыхуэфащэ программэщ икІи абы республикэм лъэныкъуэ къэпщІэн зэригъэужьынущ, ику иту Урысейм иджыпсту зэрыщыщытым щыхуэхэм я псэукІэрэ я улахэрэ нигъэсынущ.

Зэрыгугъуэгъуэщи, телеканалхэм я унафэщІхэм гупльатэ Кавказ Ищхьэрэ регионым зыпэрыт ІэнатІэм зэрызиужьынымкІи икІи ахэр Президентым еупщІащ информацэ-телекоммуникацІэ инфраструктурэр кьыззэрагъэщІэрэщІэжьынымкІэ, ІэнатІэм иджыдей техэрэлогическэр кьыззэрыщагъэсасэбэпынымкІэ.

Информацэм и Іэмалхэмрэ технологиехэмрэ жьылагъэ зэхэтыкІэ тэмэм зэтегъэувэнымкІэ мыхьэнэшхэу зэралэр кьыхихэщхьэхуэкІри, КъБР-м и Унафэщым яІуІащ ІэнатІэм кІэлъыплъынигъэнщэу къэбгъанэ зэрымыкъунур. Правительствэм и зэхэтыкІэр зэрызэрахъуэкІым хиубыдэу цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм я Іуэхуэкмкіэ къэрал комитет щыІэкъуэ кьыззэрагъэпэщыну унафэ кьащтащ.

«Ар япэ лъэхъэнэм хиубыдэ кьыззэгъэпэщыныгъэ кьалэнщ. Абы кьыкІэлыкІуэу дэ кьыззэдгъэпэщыну кьыттпэщытщ сыхьэт 24-кІэ лажьэ телевидеоІэ лъэш. Щыхуэхэм я деж нэсын хуейщ республикэм щекІуэкІ сыт хуэдэ Іуэхури. Абы папщІэ хьыбарыщІэхэр кьатыным кьызэрыкІуэу, аналитикэ программэхэри щыІэпхэщ. Апхуэдэу ди льэныкъэм я бзэмкІи телевидиоІэр мылажьэщ хьунукъым - республикэм щыпсэу дэтхэнэ зы цІыхуми хуэдэу сэри абы сыдэзэрыхуэнкІыуэр зыхьзощэ. ЩІалэгъуалэм адыгэ, балъкъэр кьафэхэр кьыззэрыхэкІыуэ, ежьыхэр, ежьыхэм я льэпкъхэм я хабзэхэмрэ зэхэтыкІэмрэ теувэ жьыну, льэпкъхэм я хабзэхэмрэ зэхэтыкІэмрэ теувэ жьыну, льэпкъ захъэмэжьыну щІыхущІэкъым кьеГъэлъагъуэ нобэ экранхэм щытлъагъуэ хьэльнщагъэм и бийуэ ахэр кьыззэрыувыр», - жиІащ Президентым.

Кьанокъуэ Арсен апхуэдэу акъылэгъэу хьуащ телевидеонэм и Кавказ Ищхьэрэ канал кьыззэгъэпэщылъхьэу кьыхалъхьамкІэ. Абы жиІащ мы проектыр гъэзэщІэнэр икъукІэ игъуэгу зэрыщытыр икІи иджыпсту а Іуэхущапіэхэр: «А телеканалыр щэнхабзэм зегъэужьынымк, гъэсэныгъэм хуэунэтІауэ щытын хуейщ. Абы лажьэу щІидзэмэ, дэ информацэ тэмэм кьыТІэрыхьэнщ, нэгъуэщІ мыхьэми ди округым щыпсэхэр нэхьыфІу дызэрыщыхуэнущ».

Террорым пэщІэтыныкІэ лажьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыналъэм тещІыхьа хабзэхэр зэрагъэувам кьырикІуахэм я гугъу щищым Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхукІаг «а Іуэхур Іэмальнигъэкіэ» зэрагъэувар. «Властым гульытэнщэу кьигъанэ хъунутэкъым зауэ щыщымкІэ лъэхъэнэм щІыхуэхэр зэрауКІри. Дэ ди кьалэн нэхъыщхьэр щІыхуэм щынагъуэнщатэ кьахуэзэгъэпщынырщ. Дэ республикэм исхэм мы Іуэхум теухуауэ дахэзупщІыхьати, процент 60-м щІигъум жаІащ апхуэдэ хабзэ щытыкІэ зэтегъэувапхъэу кьыззэральытэр. Мы Іэмэкьыгъэм кьрикІуахэр иджипсту щегъэжьауэ нэрылъагъуэ, ауэ зэкІэ абдеж кьыщыщыІэну пасэщ. Абы и щыхьэтщ иужьрей зэманым Іуащхьэмахуэ, Бахъсэн районхэм щагъэкІуэкІэ Іуэхуэхэр», - жиІащ Президентым.

ЗэпхуэдизкІэ апхуэдэу щІэупщІащ Пщыхьэщіэ Іэнасхьэкъ и цІэр зезыхьэ муслымэн дин еджапІэ центр Налшык зэрядащІыхьым кьрикІуэнкІэ хьунуэхэм. Республикэм исхэм мы Іуэхур дзэныгъэхэри ар мытэмэму кьэзылытэхэри яхэтщ. Яныныкъу экэр тогуэзвыхь дин Іуэхуэкмкіэ центрым диным ехьэлІа ергъэлеинныгъэхэр нэхьри зэщІигъэстынкІэ зэрыхьунум. Кьанокъуэ Арсен жиІащ ди центрым и нэхъыщхьэр щІалэгъуалэм дин щІэныгъэ егъэгъэуэтынырр арауэ зэрыщытыр. «Псом япэу абы ди щІыпІэкІэр щІэныгъэ нэсзиІэ Іимамэхэр дгъэхьэзырын папщІ. НэгъуэщІ щІыпІэхэм кьикІыу ди деж еджакІуэ куэд кьэкІуэну уащытешыныхьыщІэкъым - ипэжыпІэкІэ Іэмэ кьыхэкІыка иужь абы и унэм кьыщыІэуІукъат афиян щызрахьэлІэ «хьэщІэщ». «ГъэсакІуэм» и деж куэду екІуалІэрт щхъухь бзаджэм дихьэха щІалэгъуалэр.

Дэзм кьыхэкІыка иужь абы и унэм кьыщыІэуІукъат афиян щызрахьэлІэ «хьэщІэщ». «ГъэсакІуэм» и деж куэду екІуалІэрт щхъухь бзаджэм дихьэха щІалэгъуалэр.

НОБЭ

♦ **ЦІыхубзхэм мамырыгъэ теухуауэ ирагъэкІуэкІ бзэныгъэм и дунейпсо махуэщ.** Іэщанщэ зыщІыным егъэщІылІа Іуэхуэхэр щызэфІагъэкІ тхьэмахуэ зэхуаким (жэпуэгъуэм и 24-31-хэм) хэту ирагъэкІуэкІ ЦІыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэм и унафэжь.

♦ **Урысей Федерацэм и Таможеникым и махуэщ.** 1991 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м Урысейм и Къэрал таможнэ комитетыр къэзрагъэпэщауэ щытащ.

♦ **Къэзахстаным щагъэлъапІэ Республикэм и махуэр**

♦ Мы махуэм (1944), Ищхьэрэ флотыр дЭпыкьуурэ, Карельскэ фронтым и зауэлІхэм Норвегием и ищхьэрэ зэпІэпхэр хуит кьащІыжащ.

♦ Илъэси 10 и пэкІэ (2001 гъэм жэпуэгъуэм и 25 - 28-хэм) Урысейм и Музейхэм я союзым и съездэ екІуэкІащ. А зэгуэныгъэм и Іэтащхьэу хахащ Къэрал Эрмитажым и унафэщІ Пиотровский М. Б.

♦Жэпуэгъуэм и 25-м - щэкІуэгъуэм и 11-хэм Париж (Франджы) щекІуэкІынущ ЮНЕСКО-м и Конференцэ нэхъыщхьэм и 36-нэ сессиер.

♦Жэпуэгъуэм и 25 - 28-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ «ЦІыхумрэ абы и узынщагъэмрэ» XVI Урысей лъэпкъ конгрессыр.

♦Жэпуэгъуэм и 25 - 29-хэм Ташкент щекІуэкІынущ дунейпсо промышленнэ жармыкІэ.

♦Илъэс 85-рэ и пэкІэ (1926) кьалъхуащ совет уэрэджьІакІуэ щІрэІуэ **Вишневская Галинэ.**

♦Илъэси 130-рэ и пэкІэ кьалъхуащ франджы сурэтыщІ щІэрэІуэ **Пабло Пикассо** (1881 - 1973).

♦1928 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыкІ зиІэ и лэжьакІуэ, журналист **Мырэкъан Суфан.**

ПІалІэрэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІэ лъапІэхэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Іэщ ІагъэлІхэр гъэхьэзырыным къаруушуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлуэ зэрылажьэм папщІэ щІэ лъапІэхэр яфІэщын Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и Къэрал университет «КъэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие» профессионалнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и федеральнэ къэрал еджапІэм и лэжьакІуэхэм:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Бей Іэуес Хьэмэд и къуэм - химиемкІэ кафедрэм и унафэщІым.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Іэзычэ Светланэ Хьэдиан и пхъум - товароведиемрэ сату Іуэхумкіэ факультетым и деканым

Беккиев Мухьтар Юсуф и къуэм - щІыупсыр зехьэнымкІэ факультетым и деканым

Дыгъужь Мухьэрид Амдул и къуэм - шхыныгъэхэм я технологиемкІэ факультетым и деканым

Кудаев Руслан Хьэжмусэ и къуэм - егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ проректорым

Ланинэ Татьянэ Иван и пхъум - математикэмрэ экономикэ Іуэхуэхэм я моделхэр щІыныкІэ кафедрэм и доцентым

Тлэш Анатолэ Шыхьбан и къуэм - мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэр механизацэ щІыныкІэ кафедрэм и доцентым

Хьэщэ Мухьэдин Мухьэрбий и къуэм - математикэ нэхъыщхьэмкІэ кафедрэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м
№146-УП

ХьэщІэлІ Б. Н. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм илъэс куэд льандэрэ хьэлэлуэ зэрыщылажьэм икІи щІэблэр гъэсэнымрэ егъэджэныгъэм кьаруушуэ зэрырихьэлІам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Хьэщ1эл1 Бэлгэ Нахьуэ и пхъум** - Налшык къалэ округым и «Курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт школ №23» муниципальнэ еджапІэм нэмыщІэбзэмкІэ и егъэджакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м
№147-УП

КъБР-м и Оперативнэ штабым республикэм исхэм зэрызахуигъаззэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхуэху пщІэ зыхуэпщІхь!

Иужьрей илъэсхэм властым и органхэмрэ хабзэхьэмэ органхэмрэ жьыдэкІэу йолэжьа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ социально-экономикэ, политикэ щытыкІэр зэтес щІыжыным. Мыбдеж законым еБжьауэ зэмрэ ягъуэгъэ бгъэдыхьэкІэр нэхъыщхьэ дыдэу зытещІыхьауэ щытар, иджыри зытещІыхьар гущІэгъуэр, гъуэгу пэнжьым теухуэр щІэпхъаджащІэ гупхэм яхэту террорист Іуэхуэхэр ямылъжьыным, хабзэм и бийуэ я кьэувкІэ ядэмыІэпыкъуным хуэущиныбгъ.

Республикэм и щІыналъэ щІэхурыплъажьэ щІэпхъаджащІэ гупхэм я Іэтащхьэхэр щІыхуэхэр кьыззэрыдахьхьным хущІокъу. Дуней псом зэрыщыхабзэм хуэдэу мылажьэу, «дин кьабзэм щІэбзинхэм» щІалэгъуалэр бандэхэм хашэ, еныхэм я щхьэхуещагъэр, акъылкІи кьарукІи гугъу зрамыгъэхьу мыльку зэтралъхьэну зэрыхуэщІокъур дин хабзэ нэпцІхэмкІэ щІауфэуэр. А мурадхэр зрагъэхьулІри папщІэщ абыхэм, гъащІэм и хьэгъуэфІыгъуэхэм я пІкІэ псапэмрэ гуэныхьмрэ я ятеухуауэ е ныхэм зэхалъхьа щыпсэхэр кьагъэсэбэпуэр, республикэм исхэр щІагъэжьакъуэр. ПщІым хуэІэкІуэльакІуэ хьуа апхуэдэ цІыхуэхэм щІалэхэр зыхуэймкІэ яшэ, иужькІэ щэпэІуэдзу кьагъэсэбэп.

Экстремизмыр пхъыгъэкІыну хущІокъуэхэм цІыхуэхэм я фІэщ ящІыну хэтщ бандэ гупхэм я щІэпхъаджагъэр кьыззэпащынымкІэ зэрыщІэзыгъэсэу органхэм я кьарур ислъамыдиныр зыІыгъэр хэхау я зэхэзехуэн щІыным хуэунэтІа хуэдэу. Ар пщІы зэфэзэщІ: къэралым кьыгуроІуэ иджыпсту зэманым диным мыхьэнэ хэха зэриІэр икІи законым тету лажьэ дин Іуэхущапіэхэм екІуалІэ икІи зи фарзыр зыгъэзащІэ щІыхуэхэр дин щхьэусыгъуэкІэ зэхэзехуэн ищІыркъым.

ЩІыкъу мин 860-рэ щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм мы зэманым щыпсэу кьаруу 143-рэ, 1 кьулъшырыф, православнэ члисэу 18, 1 синагогэ, дин зэмылІэужьыгъуэхэм я ягъэгущІ мэхъьэбхэм яту зезыгъэтха гупхэр тхъэщетьлІу унэу 23-рэ. КъБР-м и унафэщІхэм я жэрдэмкІэ иджыпсту ислъам еджапІэ центр ящІу. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр щІыхуэхэм диным ехьэлІауэ яІэ щІэныгъэр къэІэтыныгъ.

Апхуэдэу щІыщ икІи гъащхьэ я Іэкъкъ я Іэкъым хабзэхьэмэхэм я ЩІыдзэм Іенщхьэ зэрырахьам теухуауэ щэхурыплъажьэ щІэпхъаджащІэ гупхэм я Іэтащхьэхэм ягъэІуэхэр, пэжкІэ зыри дагъэкІыну зэралъэмыкІым кьыхэкІыу «лейзехь» властым Іэщэкъэ пщІэувэн хуей зэрыхьуам, абы и лэжьакІуэхэр, псом япэу хабзэхьэмэ органхэм я лэжьакІуэхэр, зэрауКІри теухуауэ яІуатэхэр. ИпэжыпІэкІэ жьыпІэмэ, Урысей Федерацэм и законодательствэм ипкъ иткІэ, цІыхуэм Іэмал псори иІыпІ УФ-м и Конституцэм щыгъуэва хуитыныгъэхэр ихьэмэну. Ар кьаримыдзэу, «езыр зэрызахуэр» кьигъэлъэгъэн папщІэ Іэщэ кьащІэу цІыхуэхэр ирикІыу щІэпхъаджагъэм и гъэугум теуваэу аращ.

КъБР-м и Оперативнэ штабымрэ республикэм и властым и органхэмрэ иджыри зэ официальнэу жаІэ лъы гъэжьнар кьызэжкІыным зэрыхуэІэкъуэ икІи кьаргъэлъагъэу щІэпхъаджащІэ гупхэм яхэуауа щІалэгъуалэм щищІу хабзэщІагъэм кьыгъэкІыну мурад зыщІахэм кьагъэзэжьи икІи гъащІэ тэмэмым кьыхьыкъжьи папщІэ Іэмал псори кьыхуэзэрагъэпэщыну зэрырьхьэзырыр.

Ар мытыншми, щыуэу гъуэгу пхэнжьм теувахэм дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и псори, абыхэм ящІыщу япэ дыдэу - хабзэншагъэхэм хуэпІа щІалэхэм я адэ-анэхэмрэ Іыхьлыхьмрэ, дадэІэпыкъуну ди кьалэн. Бандитхэр, абыхэм я дэІэпыкъуэгъуэхэр щЭвуфэмэ, мы Іуэхур гулытэншэу кьэзгъанэмэ, фэ республикэм гъащІэ тэмэм щІыхьэтгъэувжьжьыр кІыхьлІыхь фщІы кьудейм кьыщынэркъым, нэхъыщхьэ дыдэр арщи - фи сабийхэм, благъэхэм, хэгъэрейхэм кьагъэзэжу мамыр гъащІэм кьыхьыхьэжьныкІэ щІэІэ Іэмалхэр кьыззэтыкъуэгъ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым кьыхегъэщхьэхукІ хэгъэзыхь щымыІэу зыкъзэпытахэм яхуэгъэзэ уголовнэ Іуэхуэхэр нэфІ-неЙ хэмыту, пэжу икІи гэпкърыпхъу зэхагъэкІыныкмкІэ щэсынІэ псори кьызэрызэрагъэпэщыр икІи фиту кьегъэкІыж, цІыхуэхэм щІэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэр щамыдгъжьам деж иджыпсту зекІуэ законодательствэм ипкъ иткІэ уголовнэ жэуапыр щхьэщхьэ зэрыхъунур. Республикэм и унафэщІхэм апхуэдэ хъкІыпІэ зэрыщыІэр къуэдрэ жаІащ.

Оперативнэ штабым апхуэдэу мы Іуэхум и льэныкъуэкІэ кьыздэжьну хабзэм кьыщыщыІэ органигъэцэхэм захуеГъазэ икІи щІэпхъаджагъэм и гъэугум кьытекІа цІыхуэхэм я Іуэхуэхэр зэІуахуэ икІи пэфІ-неЙ хэмылъу зэхэтыжьыну ди кьалэн. Ар ехьэлІауэ щытми, ІуэхущІэгъэнэ щхьэусыгъуэ щІэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэр щамыдгъжьам деж иджыпсту зекІуэ законодательствэм ипкъ иткІэ уголовнэ жэуапыр щхьэщхьэ зэрыхъунур. Республикэм и унафэщІхэм апхуэдэ хъкІыпІэ зэрыщыІэр къуэдрэ жаІащ.

Оперативнэ штабым апхуэдэу мы Іуэхум и льэныкъуэкІэ кьыздэжьну хабзэм кьыщыщыІэ органигъэцэхэм захуеГъазэ икІи щІэпхъаджагъэм и гъэугум кьытекІа цІыхуэхэм я Іуэхуэхэр гъэкІуэдыжьыкмкІэ щІэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэр щамыдгъжьам деж иджыпсту зекІуэ законодательствэм ипкъ иткІэ уголовнэ жэуапыр щхьэщхьэ зэрыхъунур. Республикэм и унафэщІхэм апхуэдэ хъкІыпІэ зэрыщыІэр къуэдрэ жаІащ.

ЕхьэхуІэ зимыІэ: Іуэхуэхэм я ятеухуауэ фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ:

КъБР-м и Оперативнэ штабым - 48-15-48;
Урысейм и ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм - 48-16-02, 48-15-81;
КъБР-м щыІэ МВД-м - 40-49-10, 49-50-62;
УФ-м Следствэмкіэ и комитетым Следствэмкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм - 77-64-22.

Иджы япэу

Армением и Президент Саркисян Серж Москва кІуащ къэрал Іуэху и щІэлъ. Ар Урысейм и унафэщІхэм яхуэщІ. Ди къэнэгъу къэралым и Іэтащхьэр Москва и къэрал университетым щыІащ икІи студентхэм я пашхьэм къыщынсэлъащ. Саркисян университетым и профессор щІэр кьыфІащащ.

Кьэдгъэлъэгъуэнщ къэрал Іуэху и пщэ дэлъу Армением и Іэтащхьэр иджы япэу Москва зэрыкІуар.

Псыдзэхэр... псыдзэхэр...

Тайландым и щІыпІэ куэдым цыхэгъэр кьыщыщащ. Абыхэм цІыху 30-м нэблагъэ хэкІуэдауэ къальытэ.

Къралым и кьалащхьэ Банг-кок и уэрамхэм псыхьэлыгъэхэр щоЖэх. Абы автомашинэкІэ кьыщыпкІухьыну гугъу дыдэщ. Хьбгъэзыхьмэ, ялынкъуэ щІыпІэхэм автомобилэр щыщІигъэнащ.

Хэтыт абы игъасэр?

Камчаткэм щаубыдащ дзэ частхэм ящыщ зым и унафэщІым гъэсэныгъэ лъэныгъэмкІэ и кьуэдзэу щытар.

●«Бжьыхьэ дыщафэ-2011»

Мэкъумэшыщ1эхэр утыку къохьэ

«Бжьыхьэ дыщафэ-2011» урысейпсо мэкъумэш выставкэм ипкъ иткІэ, мы махуэхэм Налшык Абхъазым и утыкум жармыкІэ мынкъэр махуэ кьэс щызэхохьэ.

ЖАРМЫКІЭМ кьарашалІэ ди республикэм и мэкъумэщ Іэнатіэхэм, заводхэм, комбинатхэм ягъэхьэзыр ерыскъыхьэкІхэр. Нэхъ щІэупщІэ зиІэхэм ящыщщ Налшык дэт гъэш заводым щагъэхьэзыр шатэр, шхур, кхъуейпІаІэр, шэгъэпщтар. Мы Іуэхущапіэм и ІэщІагъэІ пажэ Хьымбэзэр Ритэ зэрыжьнІэмкІэ, кьыщІигъэкІ гъэшхэкІхэм щІэупщІэ щІалэр зи фІыщІэхэм ящыщщ, куейкхэм, жылагъуэ щхьэхуэхэм кьращІэхэр кьащІэху шэр зэрыІувыр, зэрыкъабзэр. Абы дзэхэр щхуаКІуэми гу лъимытэнкІэ Іэмал иІэкъым.

Кьимыдэкіэ, адрей мэкъумэш Іэнатіэхэм я продукцІэхэм я уасэм елытауэ мыбыхэм псори нэхъ пуду ящэ. Налшык и гъэш комбинатыр иджырей мардэхэм тетщ: щэм зэрелэжь Іэмэпсымэхэмкіэ нэсу кьызэрыгъэпэщащ, кьрашалІэ шэр зыхуэдэр кьыщапщытэ лабораторэр зэпэщхэр яІэщ, кьабзаГъэм кІэлъыплъхьэм яхэткъым Іуэхум фІыуэ хэзыкьыщыкІ.

ЛЬОСТЭН Муэз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэм гу зылъатахьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІуцІэр Парламентым и Унэм 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м щекІуэкІынущ.

ЗэІуцІэм щыщІидзэнур сихьэтІи 10-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

●Футбол

«Спартак-Налшык» - «Локомотив» (Мэзкуу) - 1:2

Апхуэдэу ихъащ Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ дыгъуэпшхь. Налшык щызэхэта зэІуцІэр. Ди щІалэхэм ящыщу топыр дигъэкІащ Гриднев Даниил.

Мы зэІуцІэр зэрекІуэкІам Іуэхуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр йокІуэкІ.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлъейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и поцт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

ІУПЪХЬЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэрапэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Къэхъукъащ1э шыпаГъуэ

Тыркуэм и Ищхьэ-Къухьащ1э льэныкъуэм щІыр щыхьэнщ кьаруушуэ яІуу. Къэралым и къэхъукъэм зэкІэ кьызэратамкІэ, Ван провинцэм щІыхуэ 267-рэ щыхьэкІуэдащ, псорэ зэхэту миным щІигъум фэбжь зэрылІэужьыныгъэхэр яГъуэтащ. Упэ мащхэр зэтеІэтащ. ЩІыхуэм гаІэ уэздыгъэ яІыкъым. Мы 2-мрэ мыжь ящІ кьутахуэхэм щІихьэмахэр кьегъэлъыным.

Мы хьыбарыр щыдгъэхьэзыр ирихьэлІэу Тыркум и валастхэр Урысейм кьелъэІуатэхкым щхьэхуэкІащІэ щынагъуэм и Іуэхьэхэр гъэкІуэдыжьыкмкІэ щІэпхъаджагъэ хьэлъэ. Апхуэдэу щытми, ЩІэ и МЧС-р хьэзырыр кьегъэлакІуэхэхэм зэрыс икІи ихьуеину Іэмэпсымэ псорэ зэрыт кьэхьлъатитІ Ван провинцэм игъэкІуэну.

Хьэпыт абы и Іуэхущ1апІэ

Ди ІэпкъІуащІэ:

Акъылыр адэжь гъэумылэщ.

Хэкум и къуэ пэжу ЫытащI

Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэт илъэси 100 ирокъу

Уэрэд хуаус

Зи лIыгъэкIэ, зи зэфIэкIкIэ, зи цIыхугъэкIэ Хэкум цIэрыIуэ щыхъу адыгэлIым пасэм ыцIыгъэ у эрэзхуэцIыр, и цIэр, и пщIэр яIэтыр т. Мис апхуэдэ цIыху щэ джашэхэм ящыщт Тэрчокъуэ Къамболэт КIыщу и къуэр.

АР 1911 гъэм Хьэтуей къуажэм къыщалъхуащ. 1939 гъэм я жьылэм щызэхэт «Шэкэр» колхозым и тхьэмадзэу хахащ. Хэку зауэшхэр кьыщыхьефи Iэщэ кьыщитэри, абы кIуащ, икIи лIыгъэм и щапхъэ кьигъэлъагъуэу я илъэс кьэлъэхэм я мафIэ лыгъэм кIуэцIрыкIащ. Дзэм кьыхэкIыжа нэужь, «Шэкэр» колхозым и унафэщIу хахьжащ, куэд дэмыкIыу Арщыдан МТС-м и тхьэмадзэ ягъэзащ.

1954 гъэм партым и кьыхуеджэныгъэкIэ хозяйствэ кьыкIэрыхуэм - Арщыдан къуажэм Лениным и цIэкIэ щызэхэт колхозым кIуащ. Абы Къамболэт зыкъыщигъэлъэгъуащ цIыхуэхэр ззэпагъэдзэнэу, мэкъумэш Iэнатlэхэр Iэзэу зыунэтI кьызэгъэзэпэщакIуэ акьылыфIэу. Хозяйствэ кьыкIэрыхуэр кьэлъэтыжьыным ыкIи ауш хуэрихьэлIащ. КIуэтэхункIэ и зэпIэзэрыгатъым, и псальэм зэрыгетбгъуэтэжьым, гупсысэ узыншэхэр кьызэрыбгъэдэжьым и пщIэм хигъэхъуащ. Мо лэжьакIуэшхуэм, унафэщI ерыщым и Iуэху зехьэжIэу зыпIалъэу къуажэдэсхэми я гур кьызэрыгъуэтыжащ, я кьарур зэрегъэувыдыжкри, щым фейдэшхуэ кьызэрыпахьфынур я фIэщ хьуащ. Апхуэдэурэ, хозяйствэ дзэуэхэр кьиIэтыжащ, икIи есыр здэщыIа «Шэкэрым» ипэ иригъэщащ. ИIъэсиплI дэкIри, Тэрчокъуэ Аршыданыр къэрал утыкум ирищащ, езыри СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ. Ар хэтащ КПСС-м и ЦК-м и Пленум зыбжанэм, партым и съездищым я зэIущIэхэм.

Хозяйствэри езы Къамболэти, республикэм кьыщымынэу, къэрал псом хэIущIыу щыхьи ат. 60 гъэм Арщыданым гъавэу кьыщрахьэлIэр ху зэи 5,3-кIэ, нартыхур ху зи 10,4-кIэ, я хъшэм хуэди 4,2-кIэ, лыуэ ящэм хуэди 9-кIэ хэхуат. А екъулIэныгъэ хэм кьапэкIуэу, Тэрчокъуэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр кьыфIащащ, колхозхэт тIощым щIигъум Хэкум и орден нэхъыщхьэхэр, медалхэр кьратащ.

ЗызыуэзэщIыжа, гъавэр зи куэд хозяйствэм Iэщри щыбгъуэрт. И бохэм жэм гъэшIыфIэу миным щIигъу щIэтт; махуэ кьэс ш тонни 8-10-м нэблагъэ Iыхьлпlэх эм иратырт. Ар кьыщэзэгъэпсэщ адрей Iуэхугъуэ псоми нартыхур ягъуэсат.

Къуажэдэсхэм я псэуКIэр кьэлэ тыным хуэчIалуэ Тэрчокъуэ Къамболэт ку зи дыцэ зэфIигъэкIащ. Колхозым и мылькукIэ ЩэнхабзэмкIэ унэ, курыт къэкIащ, сабий гъэсапIэ, сымаджэщ, псэупIэ унэ зыбжанэ, газ, псы кIуапIэхэр иригъэщащ, гъэзугъэм асфальт трыригъэлъхьащ, Iэщ псэуалъэхэр, гъавэ Iыхьпlэхэр, псы хьуманlэхэр иригъэувэщ.

А псори кьалытэри, къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу щыIа Ленин орденыр хозяйствэм кьыхуагъэфэщащ.

ХЬЭ ЖЫКЪАРЭ Алик.

Къэбакъуэ лъэщхэр

Тэрчокъуэ Къамболэт Лениным и цIэкIэ щыIэ колхозым и тхьэмадзэу щылэжьа илъэсхэм Арщыдан къуажэм зэрызиужьа щIыкIэмрэ абы щекIуэкIа Iуэхугъуэ гукъинэжхэмрэ.

1955 гъэ - унагъуэхэм радио хущIашащ.

1959 гъэ- къуажэр электрификацэ ящIащ.

1960 гъэм и накьыгъэ - Хэку зауэшхэм хэкIуэда арщыдандэсхэм я фэепIэ кьыдзэIуахащ.

1961 гъэм и щIышыхь - тIыкIыпIэ 500 зиIэ ЩэнхабзэмкIэ унэ кьызэIуахащ.

1961 гъэ - къуажэм псы кIуапIэхэр щащIыгъуэ.

1963 гъэм и фокIадэ - тIыкIыпIэ 520-рэ зиIэ курыт еджапIэ кьызэIуахащ.

1964 гъэ- Лениным и цIэкIэ щыIэ колхозым и правленэм и унэр яухуащ.

1965 гъэ - Арщыдан гъавэ Iыхьпlэр кьызэIуахащ.

1966 гъэм жэпуэгъуэм и 5 - япэ цIыхубз-космонавт Терешковэ Валентинэ арщыдандэсхэм я ящэащ.

1966 гъэ - Урысейпсо зэхьэзэхуэм зэрыщытекIуэм папщIэ РСФСР-м и Министрхэм я Советымрэ ВЦСПС-мрэ я Бэракъ пльыжь зэIапхэр арщыдандэсхэм кьратащ.

1967 гъэм и мэлыжьыхь - СССР-м и ВДНХ-м я апэ нагъыщэ Дипломыр колхозым кьызуагъэфэщащ, Iэнатlэм щыпашэхэм абы и дыжьын, жэз медалхэр кьратащ.

1967 гъэм и гъатхэпэ - накьыгъэ - къуажэм газыр ящащ.

1967 гъэм и мэлыжьыхь - я лэжьакIуэхэм папщIэ фэтэр зырызу зэхэт кьатитI унэу 10 кьрагъэжьащ.

1967 гъэм и накьыгъэм и 25 - Лениным и цIэр зезыхьэ колхозым Ленин орден кьызуагъэфэщащ.

1967 гъэм и бадзэуэгъуэм и 13 - Ленин орденыр кьратащ.

1968 гъэ- ныжьыщIэу 120-рэ здэкIуэну сабий гъэсапIэ кьызэIуахащ.

1969 гъэ - колхозым и мылькукIэ яуха, гъуэтыпIэ 80-м тещIыхьа участковэ сымаджэщыр кьызэIуахащ.

1970 гъэ - колхозым и мылькукIэ яуха, тIысыпIэ 220-рэ зиIэ курыт еджапIэ №2-р кьызэIуахащ.

1970 гъэ - мурад хэкам тещIыхьа Арщыдан заводыр яутIыпщащ.

1971 гъэ - IэхэутхьэбзэщIапIэ унэрэ машинэ-трактор мастерскойрэ ятащ.

1974 гъэ - Iэщыщхуэу 800 щалыгъэну псэуалъэ яухуащ.

1974 гъэ - Арщыдан университетым кьыщызэIуахащ.

1976 гъэ - музыкэмкIэ еджапIэ кьызэIуахащ.

Тэрчокъуэ Къамболэт зыныщIыкъ ныжьыщIэ кьуажэм дэсэжьым. Хадэжьэ Iыхьлэ Iэ жьы-гъуэм, нартыхуэ кьыдэчыжьыгъуэм тфIэфIу колхозхэтхэм дадэIэпыкъурт. Апхуэдэхэм деж Къамболэт нытхыхьэрти, ди IэжьакIэр зригъэIэпытъурт, кьытщыгъхуэрт.

Колхозым и дыщэ фонд

ГъэМА ХУЭ зыгъэпсэхугъуэ зэманым еджакIуэхэм я щалэгъуалэ бригадэр жэщхэсу дыдажьэрт. Абы щыгъуэми Тэрчокъуэм и нэ кьыттригъэтI. КьыдагъэбдыдлIа хьэсэжэр зэрызэтхьэр зригъэлъагъу хуэдэу зищIу-рэ ерыскъыкIэ, тхьилъхэмкIэ, газет-журналхэмкIэ дыкьызэрызэрагъэпэщ щыкIэр зригъащIэрт, телевизорымрэ радиомрэ я лэжьэгъэм кIэлъыплъмырт, нэгъуэщIу ныбжьыщIэхэр дызыхэунэныкъуэхэм щIэупщIэрт. Губгъуэ пщыIэм ныщыкIуэхэм деж Къамболэтрэ хозяйствэм и дышэ фондкIэ» дигупым кьеджэрт.

Зы махуэ гуэрым кьытхьхьауэ кьыддэгушIэ хуэдэ-урэ кьыдоупщI: «Нэгузегъэужь фыкIуэнт?», - жеIэри.

- Нтlэ, - пыдодэшь зы жьэу.

- Дэнэ щыпlэ фыхуейт?

- Тенджыщым, - жьыдоI.

ИкIи и псалъэр игъэпэжащ. Гъэмахуэ лэжьыгъэр и кIэм щыпlэлагъэм тенджыщым дригъашIэри, зыдигъэгъэпсэхащ. 1966 гъэм школыр кьызэрахьэр зригъэлъагъу хуэдэу зищIу-рэ ерыскъыкIэ, тхьилъхэмкIэ, газет-журналхэмкIэ дыкьызэрызэрагъэпэщ щыкIэр зригъащIэрт, телевизорымрэ радиомрэ я лэжьэгъэм кIэлъыплъмырт, нэгъуэщIу ныбжьыщIэхэр дызыхэунэныкъуэхэм щIэупщIэрт. Губгъуэ пщыIэм ныщыкIуэхэм деж Къамболэтрэ хозяйствэм и дышэ фондкIэ» ди

езым уи щыхьри иЭтащ

●Фэеплъ

Лъэужь дахэ

Тэрчокъуэ Къамболэт Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэш ІэнатІэр кьІэлыпым, абы зеръужьыным псэмыблэжу телъэжьа къыдэпхьапІкІуэ, унафэщІ Іэзэхэм, телыджэхэм япщащи. И щІэр жыжьэу Іуат, и хэфІэкІыр щыхуэхэм зэІупахырт.

СЭ БАХЪСЭН куейм хьихь Ислъэмей къуажэм сыщыщщ. Іэщыр гъэмахуэ хьупІэхэм лъэсу щахуу щыта 60 гъэхэр фІыуэ сощІэж. Ди жьлэмкІэ блэкІ былымхэр зэрытеплъафІэм дихьэхыу щІыхуэхэр щІэупщІэрт: «Мыхэр дэнэ къуажэ кьиКІыу пІэрз?» - жаІэу. «Тэрчокъуэ Къамболэт и щІэр зэхэфхакъэ? АтІэ мыхэр ар зи тхьэмадэ колхозым и Іэщщ, - жэуапыр кІэщІт. Дауи, абы щыгъуэ куэдым ящІэртэжьыкІэ Къамболэт Арщыданэ зэрыщымыщщыр, Хьэтуей махуэ кьэс кьиэзрикІыр.

Мыри сиГу кьоКІыж: а льэныкъуэмкІэ ущыкІуэкІэ гу лъымытэнкІэ Іэмал иЭтэжьым льагэрэ щхьэантІэу жьым зэрихуэ нартыху хьэсэхэм. Иджыри кьыздэсым мыр хьыбгару зэІэпах. Колхозым и агроном нэхьащхьэ Къэбало Мурадинрэ Къамболэтрэ абыхэм щаблэжьым япэм мыпхуэдэу жиІэрт: «Нартыхыр цІынэщ, щІыІэр къэблэгъащ, силосу Іугхмэ нэхьыфІу кьизолдытэр». Гъэгу жьажьэ кьапщащІытэ, зы сыкъэт хуэдэ джІауэ, Тэрчокъуэм жэуапыр пидзыкьыр: «Сыарэзыщ, щІэвдзэ».

АбыкІэ къэзгъдъэгъуэну сызыхуейр я псалъэр мащІэрэ кІэщІу, я ІуэхущІафэр дахэу унэтІакІэу-кьызэгъэпэщакІуэ нэхьыжьыфІхэр дызэриІарщ.

КъБКъУ-р кьэдуха нэужь, кьуажэхэм дгъэзэжат. Дызыхуедджар агроном Іэщ1агъэрати, жэуапльныгъэшхуэ зыпылъ, ІэнатІэ гугъуу кьалыытэ бригадир кьалэныр кьытхуагъафэщэрт. ЩІэныгъэ яІэу щІым телъэжьыхьхэм а зэманым пщІэ лей хуащІырт, нэхь щІалэхэр драгъэкІуэтейрт, нобэ хуэдэу кьулыкъущхьэ зрикъуэдзэу мазихкІэ Арщыдан сыщыІаУэ щытащ.

Дэ ди кьалэнят гъавэ бэвым и хэкІыпІэхэр кууэу дджыну, Іэщ гъэхъыным и Іэмалхэм зыхэдгъэхуэзэну, кьызэгъэпэщакІуэ Іэзэм и Іуэху зехьэкІэм дыкІэлыпльыну, и щІыху хэтыкІэр зэдгъэщІэну. А гъэм и мэкъуауэгъуэ - щэкІуэгъуэ мазэхэм кьрибубдэу пщэдджьыкьым сыхьэти 5-м кьыщыщІэдзаУэ жэщым 10-м нэсыху и лэжьэкІэм сыкІэлыпльыу Къамболэт сыщІыгъуащ. Абы льандэрэ ильэс 50-м нэблагъэми, Тэрчокъуэм и теплъэ бжьыфІэр нобэ си кІуэтэщ, и макъ щабэр си тхьэкІумэм итщ. Щыуу щэхут, пэщхьафІэт, зэпІэзэрыпт, гулыытэшхуэ хэлът. Сыщ1аІэ дыдэми, нэмыс кьыслхуищІырт.

Пщэдджьыкь нэмэзым и лэжьэгъуэр зэхуищэсыртри, зэпкърыхауэ пщэрыльтхэр ящищІырт. А мазищым сэ зэхэсхакьым гуп унафэщІхэм ящІэтубжьэу, макъ ІэтакІэ епсалъэу. Сыт хуэдэ Іуэхуми хэкІыпІэ кьыхуиГъэтыфырт, абыхэм я зэфІэхыкІэ хъунум егупсысаУэ бгъэдыхьэрт. Хуабжьу гурыхуэт, хозяйствэм и экономикэм и гугъу щищІкІэ, бжьыгъ куэдыкІейхэр тхьтлъымпІэшІэу зэщхьэщхьырт.

Сэ мы Іэщщэм зыгуэр кьащщэхьулАмэ, абы Къамболэт и фЫщІэ ин хэлъу кьызэолыытэ. Апхуэдэ цІыхуитхьэхуэр, Іуэхэр бэм ящыгъуэщкъым, и щапхьэ зыщІэблэгъэ щапхьэкІыу кьокІуэкІ. Тэрчокъуэм хэмыгъэущэжьи лъэужь мы Іэщщэм щыхпхищащи, абы хуэфащэу тетыфыи Тхьэм дищІ!

ЕЛМЭС Албий,
мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор.

Космонавт Терешковэ Валентинэ Арщыдан и хьэщІэщ. Абы бгъдэтщ Мэлбахьуэ Тимбэрэ, Осетие Ищхьэрэм и Унафэщ Къбало Билар, Тэрчокъуэ Къамболэт, сурэттех Суанов Михаил сымэ. *1966 гъэ, жэпуэгъуэм и 5*

Гуимыхуж илъэсхэр

1959 гъэм дзэм сыкъынкІыжа нэужь, мэкъумэш бригадэм и учетчикыу Арщыдан колхозым сыльыхьэжащ. Хозяйствэм нэрыльагъуу зыкъыІэтыжырт. Илъэс зыбжанэ и пэкІэ зэрыщытамрэ иджырэ шурэ лъэсрэ я зэхуакут. Къамболэт тхьэмадэу ныщытхуагъэкІуам къуажэщІым гектарым хуэзэу нартыхуу центнери 8, гуэдзу - 10, сэхуранэ центнери 6 кьахутехьы арат. Жэм къэс кьэщІащІэр килограмм 700 иримыкьут. ИкъуькІэ ІэнатІэ гугъут Тэрчокъуэр зыпсщІэувар.

1964 ГЪЭМ ещанэ мэкъумэш бригадэм и унафэщІу сыщитащ1ам абы хэкъуэзауэ кьызэкІэгъащ: «Къэралри, кьуажэдэсхэри уэр хуэдэ щІалэхэм зэращІгугъэр зымащІэкІи зыщумыгъэгъупщэ. Къэдмылэжьар зыми кьыдитыныкьым, псори ди Іэдакъэм щІэкІыж хуейщ. Фымыщхьэх, лэжьакІуэхэм фахуэсакъ, пщІэ яхуэфащІ, Іуэхум тевгъэгъэшхуэ». ИкІи си кьару илъэхункІэ а псалъэхэм сытеклакъым.

Къамболэт гуащІэшхуэ кьызыпкърыкІ унафэщІт, кьызэгъэпэщакІуэ Іэзэт, жьыкьапльэт. Хозяйствэр мэкъумэш гъэкьыгъэм и унэтІыкІэм и еджапІэ хьуат. Ди бригадэр кьащІэтэжь, 1971 гъэм гектар 450-м дэтхэнэми хуэзэу нартыхуу - центнер 46,4-рэ, гуэдзыр щызэтхьа гектар 350-м - центнер 38-рэ, сэхураным гектар къэс нку нту центнер 17,1-рэ кьыгетхауэ щытащ. Абы папщІэ СССР-м и Совет Нэхьащхьэм и Президиумым и УказкІэ ІуащІэдэкІым и Бэракъ Пльыжь орденыр кьызсхуагъэфэщащ.

КъыкІэтыькІуэ илъэсхэм си зэфІэкІым куэдкІэ хэдгъэхъуащ. Иджы ипэ ита бжьыгъэхэм куэдкІэ дащхьэщыкІати, нэхьыббжэр ди пльанІэт. Ди мурадхэр Къамболэт хьыджэру кьыддНІыбт, зэпымыууэ дытригъэгушхуэрт, зыкьытщІигъакъуэрт. Кьытпэщыта кьалэнхэр ди гупым гъэзэджэу зэриГъэзэщІам кьыпэкІуэу, 1976 гъэм и гъатхэпэ маэм Ленин орденыр кьызатауэ щытащ.

Тэрчокъуэ Къамболэт ди пашэу гуащІэдэкІ ГъагэкІэ гъэнщІауэ кьетхьэлІа а илъэсхэр гуимыхужщ. НэгъуэщІ куэдхэми хуэдэу, а псор си дежкІэ хуабжьу гъапІэщ.

НЭГЪУЕЙ Къэралбий,
Іэужьыгъэм и ветеран.

Апхуэдэхэр ящыгъупщэркъым

1943 гъэм кьыщыщІэдзауэ трактористэ, бригадирым и дэІэпыкъуэгъуэ сылэжьащ. Тэрчокъуэ Къамболэт колхозэ тхьэмадэу ныткъуагъэкІуа нэужь, зы илъэс хуэдэкІэ кьыскІэлыпльри, мэкъумэш бригадэм и унафэщІу сигъэуващ. А Іэнатіэр илъэс 20-кІэ есхьэкІауэ, мэкъумышІа зыгъэхьэзыр гупым и нэхъыжьыу сигъэкІуэри, пенсэм сынэсыху Іэщым сыхуэгъэтІылъащ.

СЫЗЭРЫДЭЛЭЖЬА зэман кІыхьым абы и хьэл-щэным зыгуэркІэ зихъуэжауэ дэслъэгъуэкым. ЦІыху бжьыфІэт, зэпІэзэрыт, пэжымрэ захуагъэмрэ я тепльхьэт. ЛэжьакІуэхэм ящысхьыт, губгъуэм итыр игъэмэжэлІэнутэкъым, ауэ зыщІебгъэзэныуи кьыпхуидэнутэкъым. ПщІэшхуэ иІэти, зыкьыщІэдгъахуэ зыхьнутэкъым.

Зэгуэрым лэжьапІэ сыкъыкІыжу мотоциклым сидзат. Кьызэхуэжьэсахэм сиуКІа фІэкІа ямыгугъэу зэхэзэжэу, Тэрчокъуэр кьрохьэлІэ. ЗымащІэкІэ зимыІэжьэу и машинэм срегъэзагъэри, Анзорей дэт сымаджьщым сынегъэс. Докутырхэр зэбгрыкІыжати, псынщІэу кьрелджэж, операцэр зэфІэкІыхункІи зыщІэкІжьэ. Абдеж щегъэжьауэ сымаджьщым сыщІэлъыхункІэ ныскІэлъыкІуащ. Ажалым сыкьыщІэзыхар арауэ кьызолъытэ. Анэдэдизу псэ кьабзэти, щытыкІэ гугъум ихуа дэтхэнэми зэхэгъэж имыІэу зыщІигъэкъуэну хьэзырт. И ІуэхущІафэу, и дуней тетыкІэу, и цІыху хэтыкІэу щытам абы и цІэр мыкІуэдыжьи ящІащ.

МЫСРОКЪУЭ Пагуэ.
2001 гъэм кІиІуэтэжажэм ящыщщ.

ЩІым къытепхыфырщ уи Іыхьэр

Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщымыпу, Хэку псом щІрыІуэ щыхьуа колхоз ахьыпрэманыи и унафэщІ хуэзэну ченсэлъэ жьыхуэІэр дтгъэнэ зы тхьэкІумэм дежкІэ псыпэ мыкІуэщІыжщ. АтІэми, мы гъэм и гъатхэпэ маэм Тэрчокъуэ Къамболэт хуэдэ ЛІыхьужь уэрыхуэзэнт? Ди къэралым и зыуэщІыныгъэм теухуа псальэмакьыщхуэ зыщекІуэкІа, унафэщІхэр кьыщашта зэІущІэ щым - КПСС-м и XXV съездым - коммунист Тэрчокъуэр кьыкІыжа къуедит.

- АПХУЭДЭ зэхьыхэм и лІыкІуэу уэрыщытынт! Къэбэрдей-Балькъэрым и парт организацэм кьыбгъэдэкІыу съездым щыІа псоми дызэрыгушхуэн, ди щхьэр Іэтауэ, ди нэгу зэІухауэ щІыхум даззрыхэтын ди щІыбэ кьыздэднат, - кьыхечгъэщ колхоз тхьэмадэм. - Республикэм ебгъуанэ ильэситхуэ хъарзынэу кьритхьэлІащ. Ди хозяйствэр кьапщтэмэ, фыгъэрыщыгъуазэщи... - жеІэри гушхуэныгъэкІэ гъэнщІа и нэгу зэпльыхам плъыкьыгъэ мащІэ кьыщІольадэ. И щхьэм щытхъужьыну зэрыхуэмейр наІут.

Республикэм и мызакъуэу, къэрад псом щыщІэрыІуэ а колхоз пашэм ильэс зыбжанэ хъуауэ Ленин орденыр зэрекъэ. А дамытъэ льапІэр кьыхуагъэфэща нэужь, ефІакІуэ зэпыту, и ехъулІэныгъэхэм хигъахъуэу хозяйствэм нэхьри зиЭту щІидзащ. Колхозым и мэкъумэшщІэхэм папщІэ «арщыдандэхэр?» жаІэу хэІэтыкІауэ кьыкъэрапсэлъэ куэд щІащ.

- ЩІым къытепхыфырщ уи Іыхьэр. Арщыданыщым псы-Іагъэр зэримащІэрэ уэгъэр кьызэрыкъуэлъэр кьуажэдэхэм куэдрэ я нэгу щІэкІащ. Ди щІым уэшх щыщІакъэ - фІым ущымыгугъ. Ар мызэ-мытІэу дгъэунэхуащ. Хуажьэдэхэм насыпыр диІэти, 1925 гъэм щыІа уэгъум Совет властым и фЫщІэкІэ дыкьелауэ щытащ. Абы щыгъуэ сытыт! Псы зэрыщІагъэхьэ тщІэрэгъэщ. ТщІапэу щытми, щІэдгъэхъэни зэрыщІэдгъэхьэни диІэтэкъым. А илъэс гутъусыгъэр сигу кьыщІэзгъэкІыжыр нэгъабэрэй уэгъурщ. Япэрей уэгъум щыгъуэ дыІэщхьэпщІанэт, иджы дызыхуей псомкІи дызэпІэуэздзат, дыкьинкІуэтакъым. Уеблэмэ, нэгъабэ мэкъумэшхэкІыу кьетхьэлІар еянэ ильэситхум и нужьрей гъэм къздгъэкьаУэ щытам нэхьрэ процент 31-кІэ нэхьыбэщ, - кьыслхуеІуатэ Къамболэт.

ЕбгъуанэІ ильэситхум кьапщытхэр гъэзэщІэным теухуауэ екІуэкІа Союзпсо зэхьэзэхуэм екъуІэныгъэ инхэр кьызэрыщихьам папщІэ, колхозым кьратащ КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я Бэракъ пльыжь зэІэпахырт. ЕбгъуанэІ ильэситхум фЫлъэ зэрыхуэлъэхьам и Фэеплъ дамыгъэр кьыхуагъэфэщащ, СССР-м и ВДНХ-м и и Союзпсо ЩІыхь пхьэбгъэ иратащ. Аращ КПСС-м и XXV съездым и делегат, коммунист Тэрчокъуэ Къамболэт и щхьэр Іэтауэ, гушхуэу утыкущхэу щІихьэфари.

- Партым и XXII, XXIII съездхэми я делегату сыщытащ. Ауэ мызгъэпім нэхь гухэхъуэщхуэ кьызитащ. Сыту жьІпІэмэ, абы щаубзыхуащ мэкъумэш хозяйствэр интенсификацэ щыным, колхозхэмрэ совхозхэмрэ аграрнэ-индустриальнэ лъабжьэм хуэгъэкІуэным, химием и Іэмалхэр, псыщІэгъэтыльдэр нэхьыфІу кьэгъэсэбэныным хуэунэтІауэ дзжьыпхъэхэр, - жеІэ ЛІыхьужьым. - Иужьрей ильэс заблгъущІым мэкъумэш машинэу дызыхуейм хуэдиз кьытІэрыхьащ. Абы и фЫгъэкІэ псы здэкІуэ хьэсэхэр гектар 1500-м и ндгъэсащ, сом мелуанрэ щитхурэ и уасэ Іэщ псэуалъэ едгъэухуащ. Абы жэм 800 щытІыгъщ. ДяпэкІи ди мурадхэр нэхь иныжщ.

Бжьыгъэхэр кьэпхьу зыфІэмыфІ щыІэми, лэжьыгъэм и гъуджэр аращ. Бжьыгъэхэр щрадзэрэ кьуленгъэмэ кьызэралытэр. АтІэми, арщыдандэсхэм я бжэкІэм урогушхуэ, уроин.

- Пэжщ, КПСС-м и XXV съездым щекІуэкІа псалъэмакьышхуэм, «1976 - 1980 гъэхэм СССР-м и цІыху хозяйствэм зэрыгъужьыным и унэтІыныгъэ нэхьыщхьэхэм» теухуауэ абы кьыщІащта унафэм и ужькІэ ди бжьыгъэхэм зэрызахъуэжьынш шэч хэлъкьым, - кьыхегъэщ гъэпанкъэщІэхэр кьэзыщтэфу еса колхоз тхьэмадэм. - Хозяйствэм и пхьэантэм зы сом кьыхэпхэм, ар здэкІуэм, абы кьызэригъэзэжьи хуей щІыкІэм уемыгупсысэу, уи экономикэм зиузэщІыныгъэм. Нобэ дызэрыльэщІыр сыт? Хэхьуэ кьабзэу илъэсым кьытІэрыхьэрщ. АбыкІэ ди Іуэхур хъарзынэти, иужьрей зэманым уэхуэныгъэ лэжьыгъэхэм сом мелуан щыкІуэ кьыщыдгъэсэбэнащ. Ди мэкъумэшыщІэхэр зыхуей яГъуэту зэрызэщІыкІ, колхозыр нэхь лъэщ, кьулей зэрыхьнуир зыщыдгъэгъупщэрэ. Мы илъэс кІуэхэм хозяйствэм и хьэкъкІэ кьуажэм дащІыхьащ ЩэнхабзэмкІэ уиэ, университет, курыт школ, сымаджэщ, сабий гъэсапІэ, музыкэмкІэ еджапІэ. Апхуэдэу ди колхозхэтхэм папщІэ зыгъэпсэхупІэ дыухэунущ. Хозяйствэм и хэхьуэ кьабзэм мы гъэм кьыхэтхыну сом мин 800-мкІэ уухуэныгъэшхуэ едгъэкІуэкІынущ, пенсэм кІуэхэм запІэдгъэкъуэнущ.

НэгъуэщІхэм ящымыгугъыу, уІэбэмэ, кьызыхэпхын ущиІэм деж уи мурадхэри нэхъ инщ, уи псэукІэри нэхь дахэщ. Арщыдан кьуажэм Лениным и цІкІэ щызэхэт колхозым и мэкъумэшыщІэхэм я пщІэнтІэпсыр псыхэкІуадэ хьуркьым.

Абыхэм я деж хьэкъ щохьу «улажьэмэ, лыжь пшхынщ» адаІэ псалъэжьыр.

ЕЛГЪЭР Кашиф,
Налшык - Арщыдан - Налшык.
1976 гъэ, гъатхэпэ маэм.
Тхыгъэр гъэІэщІауэ тыдодзэ.

Арщыданым и гуфІэгъуэ зэхуэсым хэтщ Совет Союзым и ЛІыхьужь Къардэн Къубатийрэ Социалист Лжьыгъэм и ЛІыхьужь Тэрчокъуэ Къамболэтрэ. *1972 гъэ.*

Сыт щыгъуи

Тэрчокъуэ Къамболэт ди пашэу колхозым сыщыІэта илъэсхэр лэжьыгъэщхьэкІэ гъэнщІауэ щытащ. 1960 гъэ льандэрэ тракторым сытесати, абы и щытхъу фІэкІа зэхэсхакьым. Щыуэ у тклІит, ау я зыми и зэран иригъэкІынут экьым, псоми зэхуэдэу кьытхущытт, пщІэ кьытхущІт.

МЭКЪУМЭШ бригадэхэр звено щырыщу гу эшат. Ахэр лэжьыгъэм зэрыкъуэхьэзырыр и щхьэкІэ кьимыщІытауэ, Къамболэт зыри ГъатхэкІэм хигъэхьэнутэкъым. Абы папщІэ илъэс кьэс кьуажэ э щІыбым ельныныгъэ зэр щригъэкІуэкІыр, звено унафэщІх эм я зэфІэкьыр кьиштыртэр. Сэухъьэфынуу сщІэ жьыри, Тэрчокъуэм жеслаУэ щытащ тракторыр зы мардэм тету зэрысхуэгъэкІуэр, жылаСэ машинэр тэмэму зэрызэтезухуэфыр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, 1961 гъэм и гъатхэм зэпеуэм сыхигъэхьэри, си лэжьэкІэр щилъагъум «нобэ кьыщыщІэдзауэ узвеноводщ», - жиІэри, сыщІалэ дыдэу а дзыхьыр кьызигъэзауэ щытащ.

Пщэдджьыкьэм ди яп э губгъу эм щихьэр нэхьыбэт. Хьэсэпэхэр кьыщэпжьыхьуи зэфІэгъэкьыртэжьым - жьыкьэу хьэхьэрти, псорИ и нэкІэ зриГъэзэпльэрт, щыщІэнкІэ гуэрхэр щылэу гу льитамэ, ахэр икІэщыпІэкІэ дымыгъэзэжьуэжу идэртэкьым. Къамболэт и Іуэху зехьэкІэм колхозхэтхэр зэкьуигъэувэрт. Арат ди екьулІэныгъэхэм я зэкІыпІэ нэхьщхьэр. Лэ жьакІуэхэр фЫыуэ и илъагъурт, я гуащІэм пщІэ х уищырт.

Звеном и унафэщІу сыщыту, дзэм сраджэри ар илъэсищкІэ кьесхьэкІащ, шофер Іэщагъэрэ зэзэгъэгъэтащ. Къэзгъэзэжжа нэужь, шоферу колхозым сыхьыхьэжьым си мураду Къамболэт и деж сыщІыхьати, «уэ щым хьибощыкІ, и зехьэкІэм ущыгъуазэщ, мо «Белорусь» тракторыщІэр кьащти, гъавэ кьэгъэкІ, жиІэри чэнджэщ кьызитащ. Мазэ зыхьібл нэхь дэмыкІыу колхозхэмрэ совхозхэмрэ папщІэ Іэщагъэлъэхэр щагъэхьэзыр Дагъыстэн хьэрал мэкъумэш техникымкІи сигъакІуэри, ар кьызигъэухащ икІи 1968 гъэм и щэкІуэгъэм бригадиру сигъэуващ.

Сызэрыдзэжьа зэманым кьрибубдэу, Тэрчокъуэм гу апагъэ куэд дэслъэгъуащ. НэгъэщІ хозяйствэхэм ящІэпльыкъуи фІэфІт. Ди колхозым планыр игъэзэщІа нэужь, абыхэм я щІэкІэ гъавэр кьэралым иритырт. Абы щыкІэкІи фЫщІэ лей лъыхъуэрэтэкъым. Мэкъумэш бригадэм сриунафэщІу ильэс 32-кІэ сыпІэ жьати, а цІыху щыпкъэм и Іуэху зехьэкІэу, и гуп хэтыкІэу щытар зэи зыщыгъэгъэупщакъым, кьыбгъэдэкІыу щыта жэрдэмхэмрэ и чэнджэщ щхьэпэхэмрэ зэпымыууэ сщІыгъуащ.

ШАД Хьэуелэ,
лэжьыгъэм и ветеран.

ЦІыхубэм папщІэ

Тэрчокъуэ Къамболэт ди къуажэм ныщагъэкІуа зэманым, жьлэм щыгъэкІуэкІэ зэрыщытамрэ, Анхуэдизкъэ щІэтІысыкІати, кьызэрыщхьэІэтыжыкІи кьару щымыІэу кьыщфІэщыпт.

ТЭРЧОКЪУЭМ кьыщыщІидзар цІыхум и дежщ. НэгъуэщІ щІыпІэхэм щымыІтьыхьэу, ІэщІагъэлІхэмрэ жьакъэІуэхэмрэ езы къуажэм кьыщигъэуэтащ, кьыщыхихащ, иригъэджащ. ЖэрдэмщІакІуэхэм пщІэ лей яхуищІырт. Арщыдан зэрыщыгъэщхьынур, и фэеплъ нэхум пщІэ зэрыхуymыщІынур! И пщІэрэ, и фэеплъри льапІэщ. ЛъапІэщ мы гъащІэм кьыщипхащи, абы хуэфащэу тетыфыи Тхьэм дищІ!

ЕЛМЭС Албий,
мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор.

Дауэ абы уи щхьэр зэрыхуумыгъэщхьынур?!

«РЕСПУБЛИК эМ и колхозэр совхозу 27-м нэгъабэ гектар къэс хуэзэу нартыхуу центнер 50-м щигъу кьыщыдачыкащ. Гекгар 30-м кьыщыщІэдзауэ 200-м нэблагъэ зезыьха бригадэу, звенооуэ, механизатору 30-м щІигъум дэтхэнэ гектарми центнери 100 нэхьыбэ кьытрахащ *(Іэгу хуоуэ)*. Абыхэм я щІэкІ кьисІуэнкьым, ауэ ныбжьыгъу Хрущев кьыщыпсальэм кьыхиГъща зыр ди партым и Комитет Нэхьащхьэм нэхь гъуэгъуэу езгъэщІыжу сыкуейт. Ар Іэскэн районым Лениным и цІкІэ щыІэ колхозым и унафэщІ Тэрчокъуэ Къамболэт КІыщу и къуэрщ. Ныбжьыгъуэ Тэрчокъуэр нартыхуу гъэкІыным и Іуэхум нэхь хуэІэзэ дыдэхэм, а кьэкІыпІэр зи псэм хэлъ Къэбэрдей-Балькъэр нартыхуэ бэвым и гъаэхэ зэрыхъуам абы и гуащІэшхуэ хэтыщ. 1958 гъэм Тэрчокъуэр зи унафэщІ и колхозым гектар 1100-м дэтхэнэми хуэзэу нартыхуу центнер 80 кьытрахащ *(Іэгу хуоуэ)* КьыкІэтыкІуэ илъэсми ардыдэр зригъэхъулІэри, жьлапхъэу тонн мини 5 кьэралым иритащ».

1961 гъэм щышыгъэм и 14-м партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и яп э секретарь **М ЭЛБАХЪУЭ Т имборэ** *КПСС-м и ЦК-м и Пленумым щыжиІам щыщ.*

* * *

«КЪЭБЭДЕЙ-Балъкъэр АССР-м Лениным и цІкІэ щызэхэт колхозым (и унафэщІыр ныбжьэгъу Тэрчокъуэрщ) илъэс кьэс нартыхур гектар 1500-м щегъэкІ. Ар гъавэ щапІэу иІэм и процент 50-м щегъу. Мы гъэм гектар 1100-м дэтхэнэми хуэзэу центнер 80, силосыпхъэр щызэрихьа гектар 400-м гектар къэс а мэкъумэшІэ берычэтым хуэдэу центнер 740-рэ кьытрахащ».

1959 гъэм и дыгъэгъазэм КПСС-м и ЦК-м и секретарь Полянский Дмитрий КПСС-м и ЦК-м и Пленумым Арщыданым и нартыхугъэкІэхэм яхуэгъэзауэ къыпсэлъам щыщ.

«Правда» газет, 1959 гъэ, дыгъэгъазэм и 23

* * *

«СЫТУ гъэщІагъэм мы гъащІэр! Гъэ кьэс Іэдажэм дыкьыхуегъэзуш, нэхъ жьыкапльэ дещІ, щІэну дигу кьэмыкІаХэр тІыбегъэкІ, ди зэфІэкІыр лэжьыгъэщІэкъэм хуэ егъахьуэ. Гухэхъуэ зэкьэлІакІэ текІуэныгъэ льагапІэм дынегъэсри, льагапІэщІэ нэхум дыхуегъаплъэ. ТІхьэкІауэ дощІэ а льагапІэщІэм унэсыныр зэрыгугъур. ТкІуГъэщІэ нэпкьыжьхэр кьыттридзэнущ абы шэч хэмыльу. ДигъэхьащІэнкІи зыхуэІуа щыІэкьым. Ауэ абыкІэ дыІэнкункьым, кьалэнджагьи тщІырклым. Ди гъуэгугъэльагъэр емыльщ, зи Іуащытэ зэпкърыщІэ нэхуэгъэщ. Ар ди парт льапІэрщ. Абы и жьыІэм насыпкІэ дыльегъэІэс. Аращ дызыгъэльэщІыр, ди пщэдейхэр тхуэзыгъэнэ хур, гупсэхуэгъэщІыжыгъащІэу, гъащІэ кьалэнхэм пьэч дыхуэзэщІыр!...»

КІУЭКІУЭ Валерэ,
КПСС-м и Аруан райкомым и яп э секретарь.
1976 гъэ

* * *

ТЭРЧОКЪУЭ Къамболэт профессорэхэм, уеблэмэ, курыт щІэныгъэ нэгъэса иІэтэжьым. Ауэ гуБзигъэт, Іущт, псом ящхьэрауэ, и кьалэным хуэпэжт, гурэ псэкІэ бгъэдэт. Дауэ абы уи щхьэр зэрыхуымыгъэщхьынур, и фэеплъ нэхум пщІэ зэрыхуymыщІынур! И пщІэрэ, и фэеплъри льапІэщ. ЛъапІэщ мы гъащІэм кьыщипхащи, абы хуэфащэу тетыфыи Тхьэм дищІ!

МЭЛБАХЪУЭ Тимборэ.

ЩІым къытепхыфырщ уи Іыхьэр

Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщымыпу, Хэку псом щІрыІуэ щыхьуа колхоз ахьыпрэманыи и унафэщІ хуэзэну ченсэлъэ жьыхуэІэр дтгъэнэ зы тхьэкІумэм дежкІэ псыпэ мыкІуэщІыжщ. АтІэми, мы гъэм и гъатхэпэ маэм Тэрчокъуэ Къамболэт хуэдэ ЛІыхьужь уэрыхуэзэнт? Ди къэралым и зыуэщІыныгъэм теухуа псальэмакьыщхуэ зыщекІуэкІа, унафэщІхэр кьыщашта зэІущІэ щым - КПСС-м и XXV съездым - коммунист Тэрчокъуэр кьыкІыжа къуедит.

- АПХУЭДЭ зэхьыхэм и лІыкІуэу уэрыщытынт! Къэбэрдей-Балькъэрым и парт организацэм кьыбгъэдэкІыу съездым щыІа псоми дызэрыгушхуэн, ди щхьэр Іэтауэ, ди нэгу зэІухауэ щІыхум даззрыхэтын ди щІыбэ кьыздэднат, - кьыхечгъэщ колхоз тхьэмадэм. - Республикэм ебгъуанэ ильэситхуэ хъарзынэу кьритхьэлІащ. Ди хозяйствэр кьапщтэмэ, фыгъэрыщыгъуазэщи... - жеІэри гушхуэныгъэкІэ гъэнщІа и нэгу зэпльыхам плъыкьыгъэ мащІэ кьыщІольадэ. И щхьэм щытхъужьыну зэрыхуэмейр наІут.

Республикэм и мызакъуэу, къэрад псом щыщІэрыІуэ а колхоз пашэм ильэс зыбжанэ хъуауэ Ленин орденыр зэрекъэ. А дамытъэ льапІэр кьыхуагъэфэща нэужь, ефІакІуэ зэпыту, и ехъулІэныгъэхэм хигъахъуэу хозяйствэм нэхьри зиЭту щІидзащ. Колхозым и мэкъумэшщІэхэм папщІэ «арщыдандэхэр?» жаІэу хэІэтыкІауэ кьыкъэрапсэлъэ куэд щІащ.

- ЩІым къытепхыфырщ уи Іыхьэр. Арщыданыщым псы-Іагъэр зэримащІэрэ уэгъэр кьызэрыкъуэлъэр кьуажэдэхэм куэдрэ я нэгу щІэкІащ. Ди щІым уэшх щыщІакъэ - фІым ущымыгугъ. Ар мызэ-мытІэу дгъэунэхуащ. Хуажьэдэхэм насыпыр диІэти, 1925 гъэм щыІа уэгъум Совет властым и фЫщІэкІэ дыкьелауэ щытащ. Абы щыгъуэ сытыт! Псы зэрыщІагъэхьэ тщІэрэгъэщ. ТщІапэу щытми, щІэдгъэхъэни зэрыщІэдгъэхьэни диІэтэкъым. А илъэс гутъусыгъэр сигу кьыщІэзгъэкІыжыр нэгъабэрэй уэгъурщ. Япэрей уэгъум щыгъуэ дыІэщхьэпщІанэт, иджы дызыхуей псомкІи дызэпІэуэздзат, дыкьинкІуэтакъым. Уеблэмэ, нэгъабэ мэкъумэшхэкІыу кьетхьэлІар еянэ ильэситхуэ и нужьрей гъэм къздгъэкьаУэ щытам нэхьрэ процент 31-кІэ нэхьыбэщ, - кьыслхуеІуатэ Къамболэт.

ЕбгъуанэІ ильэситхуэ кьапщытхэр гъэзэщІэным теухуауэ екІуэкІа Союзпсо зэхьэзэхуэм екъуІэныгъэ инхэр кьызэрыщихьам папщІэ, колхозым кьратащ КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я Бэракъ пльыжь зэІэпахырт. ЕбгъуанэІ ильэситхуэ фЫлъэ зэрыхуэлъэхьам и Фэеплъ дамыгъэр кьыхуагъэфэщащ, СССР-м и ВДНХ-м и и Союзпсо ЩІыхь пхьэбгъэ иратащ. Аращ КПСС-м и XXV съездым и делегат, коммунист Тэрчокъуэ Къамболэт и щхьэр Іэтауэ, гушхуэу утыкущхэу щІихьэфари.

- Партым и XXII, XXIII съездхэми я делегату сыщытащ. Ауэ мызгъэпім нэхь гухэхъуэщхуэ кьызитащ. Сыту жьІпІэмэ, абы щаубзыхуащ мэкъумэш хозяйствэр интенсификацэ щыным, колхозхэмрэ совхозхэмрэ аграрнэ-индустриальнэ лъабжьэм хуэгъэкІуэным, химием и Іэмалхэр, псыщІэгъэтыльдэр нэхьыфІу кьэгъэсэбэныным хуэунэтІауэ дзжьыпхъэхэр, - жеІэ ЛІыхьужьым. - Иужьрей ильэс заблгъущІым мэкъумэш машинэу дызыхуейм хуэдиз кьытІэрыхьащ. Абы и фЫгъэкІэ псы здэкІуэ хьэсэхэр гектар 1500-м и ндгъэсащ, сом мелуанрэ щитхурэ и уасэ Іэщ псэуалъэ едгъэухуащ. Абы жэм 800 щытІыгъщ. ДяпэкІи ди мурадхэр нэхь иныжщ.

Бжьыгъэхэр кьэпхьу зыфІэмыфІ щыІэми, лэжьыгъэм и гъуджэр аращ. Бжьыгъэхэр щрадзэрэ кьуленгъэмэ кьызэралытэр. АтІэми, арщыдандэсхэм я бжэкІэм урогушхуэ, уроин.

- Пэжщ, КПСС-м и XXV съездым щекІуэкІа псалъэмакьышхуэм, «1976 - 1980 гъэхэм СССР-м и цІыху хозяйствэм зэрыгъужьыным и унэтІыныгъэ нэхьыщхьэхэм» теухуауэ абы кьыщІащта унафэм и ужькІэ ди бжьыгъэхэм зэрызахъуэжьынш шэч хэлъкьым, - кьыхегъэщ гъэпанкъэщІэхэр кьэзыщтэфу еса колхоз тхьэмадэм. - Хозяйствэм и пхьэантэм зы сом кьыхэпхэм, ар здэкІуэм, абы кьызэригъэзэжьи хуей щІыкІэм уемыгупсысэу, уи экономикэм зиузэщІыныгъэм. Нобэ дызэрыльэщІыр сыт? Хэхьуэ кьабзэу илъэсым кьытІэрыхьэрщ. АбыкІэ ди Іуэхур хъарзынэти, иужьрей зэманым уэхуэныгъэ лэжьыгъэхэм сом мелуан щыкІуэ кьыщыдгъэсэбэнащ. Ди мэкъумэшыщІэхэр зыхуей яГъуэту зэрызэщІыкІ, колхозыр нэхь лъэщ, кьулей зэрыхьнуир зыщыдгъэгъупщэрэ. Мы илъэс кІуэхэм хозяйствэм и хьэкъкІэ кьуажэм дащІыхьащ ЩэнхабзэмкІэ уиэ, университет, курыт школ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● ФИДЕ-м и Гран-при

Чжао Сюэ йохъуэхъу КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Гертер Иван.

Чжао Сюэ ятокIуэ

Мэрем кIуам и пщыхьэщхьэм «Синдика» интур-хьэщIэщым щыгъэхъащIыжащ бзылъхугъэхэм шахматымкIэ я Гран-при зэхьэзэхуэу ФИДЕ-м иригъэкIуэкIым и ещанэ Iыхьэр. Бгыу къэдгъэкIжьыщи, Налшык щыIа зи чэзу зэпеуэм хэтащ дуней псом и къэрали 7-м я шахматист нэхъ лъэщхэу 12. Абыхэм яхэтащ дунейпсо экс-чемпионкэу 3, вице-чемпионкэу 2, лъэпкъ шахмэт федерацэхэм я капитанхэр икIи зэхьэзэхуэр гущIэу екIуэкIащ.

2008 гъэм Костеное Александрэ дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэри, шахмат тепщынагъэр Урысейм къыхуихыжауэ щытащ, нэгъабэ Гран-при саугъэр зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Косинцевэ Татьянэ. Зэрыпэрылъагъущи, екъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьа, шахматым фIыуэ хэзыщIыкI гуп къызэхуэсат. Урысейм и шахматисткэхэм куэдкIэ дащыгугъыват, арщхьэкIэ яп джэгуугъэм щыщIэдзауэ бжьыпэр зыубыда Китайм и шахматисткэ Чжао Сюэ псоми ящхьэщыкIащ. Абыучкон 9,5-рэ зыIэригъэхьащ икIи Гран-при зэпеуэм и Iыхьищым кърикIуахэмкIэ очко 235-рэ иIэу етIуанэ увыпIэм нэсащ.

Иужьрей джэгуугъэм Чжао Сюэ зэпеуэм ящэу къыщыхагъэщIащ. Абы къытекIуащ и хэкуэгъу Вэньцюнь Цзюй. Сюэ ар зыкIи зэран къыхуэхъуакъым, ауэ и хьэрхуэрэгъым етIуанэ увыпIэр къыхуихащ. Дуней псом и экс-чемпионкэ Костеное Александрэ иужьрей джэгуУ краинэм щыщ Лагкно Екатеринэ фIихьэхущ, Косинцевэ зэшпэхьуэхэр зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжащ. Урысей шахматисткэ Галлямовэ Алисэ Монголием щыщ Мунгунтуул Бат хигъэщIащ, Стефановэ Антоанетэ (Болгарие) - Ковалевская Екатеринэ (Урысей), Чмиление Викторие (Литва) - Чень Чжу (Катар) сыми зэрытегъэкIуакъым. Мис апхуэдэу иухащ епщыкIущанэ джэгуГъуэр.

Налшык щекIуэкIа зэпеуэм ещанэ еплIанэ увыпIэхэр кхахьащ урысей шахматисткэ Ковалевская Екатеринэрэ Литвам щыщ Чмилите Викториер.

Пшыхь гуапэр кьызэIуахри, шахмат зэпеуэм хэтахэр утыкум ирагъэблэгъащ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Гертер Иван**абыхъэм дяпэкIи екъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэну екъуэхъуащ, республикэм кьытрагъэзэжьыну эзригуапэри яжриащ. АдэкIэ зэхьэзэхуэм щытекIуа Чжао Сюэ саугъэт нэхьыщхьэр - евро мини 6,5-м и сертификатыр Iэщ1ильхьащ.

КъБР-м спортымкIэ, курортхэмрэ туризмымкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн**зэпеуэм ящащэхэм, арбитр нэхьыщхьэ Гучуркуш Эрдем зи пащэ гупым фэеплъ саугъэтхэр яритащ.

Зэхьэзэхуэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм, хьэщIагъэ лъагэ, цIыхугъэшхэу щызекIуэ республикэм и унафэщIхэм, абы щыпсэухэм фIыщIэ хуащIащ, кьытрагъэзэжмэ къэкIуахэм эзрагуапэри кьыхагъэщащ.

- ФIыщIэ ин хузощI гульытэрэ пщIэрэ щыдгъэута, гушхуэныгъэ кьытхэзылъхьа Налшык, - жиIащ Чжао Сюэ.

Китай шахматисткэ Чжао Сюэ адыгэ фащэ дыжьынифэр екIупсыр. Пщащэр «Кабардинка» ансамблым хэтхэм ящыщ щыв адыгэ кьафэ кьыдэфащ.

Зэхьэзэхуэм эхтахэм, ар щызэхуащIыж пшыхьым кьрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым, «Кавказ пшэнлъэр» сабий къэфакIуэ гупым, уэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэхэу Тащло Алий, Сокъур Ольгэ, Мамбэт Мадинэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

Бзылъхугъэхэм шахматымкIэ я Гран-при зэхьэзэхуэу ФИДЕ-м иригъэкIуэкIым и къыкIэлъыкIуэ еплIанэ Iыхьэр етIанэрэ Къэзан къалэм щыIэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Министр АфIэунэ Аслъэн и тыпъэ.

● Ди псэлъэгъуэр

ЩIэныгъэм и гъуэгумкIэ

Гъащ1эр тхыдальэщ. Гуманитар къэхутэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым адыгэ филологиемкIэ и къудамэм и лэжьыгъэр зэпхар льэпкъым и псэуклэрщ, и тхыдэрщ. Абы и лэжьыгъэр зыхуэдэм теухуауэ депсолIащ а къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Тлымыжь Хьэмыщэ.

Тлымыжь Хьэмыщэ

- Iэхэугъуэ гуэрым ущытепсэлъыхькIэ, абы и тхыдэмкIэ щыщIэщым, Iэхум нэхъ эгъгъэза уохьу, Адыгэ къудамэм и тхыдэм, абы зэрызиужьам и гугъу кьытхуэпшIыну дыхуейт ди псальэмакъым и пэщIэдзэм.

- Ди институтым адыгэ филологиемкIэ и къудамэм сектору щы иIэщ: IуэрыlуатэмкIэ (унафэщIыр Гъут Iэдэмщ), къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ (унафэщIыр Бищlо Борисщ), къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ - ар си нэIэм щIэтщ. Абыхэм я лэжьыгъэхэр нэхъапэм щхьэхуэ-щхьэхуэу щытащ, зым иригъэкIуэкI къэхутэныгъэр сыт хуэдэми адрейр щымыгъуаэрэ. Абы ныкъусаныгъэр. - ЕбгъэмкIэ темэ зэщхьэхэр зэрымыщIэкIэ къащтэрти, абы кьрикIуахэм щIэрыщIэу дыэзэхуеIлъыжьын хуейуэ кьыхтхэджырт. А псом зэманк кьаруи яхьырт. Иджы дыдэжудэу щытыжкъым, Секторхэм я лэжьыгъэхэр зэгъэщIылащ, щIэныгъэлIхэр кьаIэт IуэхугъуэхэмкIэ зэрощIэ, я гупсысэхэмкIэ зэдгуашэ, зочэнджэщ. Псалъэм папщIэ, Iуэрыlуатэм и секторым и лэжьыгъэр куэдыщIэ хъумэ, бзэмкIэ секторым щыщ цIыху абы щыдгъакIуэ щыIэщ, ядэIэпыкъуну.

Псори зэхэту адыгэ филологие къудамэм цIыху 32-рэ дыполажьэ, абыхэм ящыщу 8-р щIэныгъэхэм я докторщ, 22-р кандидатщ. Дэ аспирантэри ди мащIэкъым. Абыхэми дадолажьэ, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным, къэхутэныгъэщIэхэм тыдогъэгушхуэ.

- Я пыкъхэнэкIэ нэхъ льагэу, гъащ1эм и льэныкъуэ нэхъыбэ къыщыщIаубыдэу сыт хуэдэ къэхутэныгъэхэр фиIэ, Хьэмыщэ? Мы зэманым сытхэм фелэжьрэ?

- Къудамэм кьалэн гуэр и пащ щыщIэмыльIэ, лэжьыгъэ щIэныгъэкIэ щыщIэдзауэ, ди лэжьакIуэхэм зыщIрагъэхьну щхьэхыну зэман яIэкъым.

Ди къудамэр библиотекэкIэ, архивкIэ къулейщи, ди лэжьыгъэм кьыщыдгъэсэбэпын тхыльхэр, дэфтэрхэр диIэщ. Архивым нэмыщI, диIэщ техникэщIэхэр кьыщагъэсэбэп фонолабораторэ. Щоджэнщыкlу Аиий, Шортэн Асхэрбий, Кlыщокъуэ Алим, Кьардэнгъущ1 Зырамыку, Елбэрд Хьэсэн, Гъукlэмыхьу Iэбубэчыр, Нало Заур сымэ зэхуахьэсыжауэ щыта льэпкъ хъущ1ре т. Сэ си хъэпсапIэщ мы лэжьыгъэр хьэзыр хъуауэ слъагъуну. Дызэрыхуейм хуэдэу тхуэгъэзащIэмэ, ар льэпкъым хъугъуэфIыгъуэ ину кьыхуэнэнут.

Дэ кьыдэдгъэкIыну ди мурадхэм ящыщщ «Словарь литературоведческих терминов» жьхуэтIэр. Апхуэдэ псальалъэ кьыдэбгъэкIын щхьэкIи Iэмал имыIэу щыIэн хуейщ а терминхэм хэплъэ комиссэ. БзэмкIэ секторыр иджыпсту йолэжь Кlыщокъуэ Алим и бзэм и псальалъэ кьыдэгъэкIыным.

- Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм зэрыщрагъэдж тхыльхэр гъэхьэщIыным гульытэ хэха хуэфащIра?

- Апхуэдэ лэжьыгъэми гульытэ хуумыщIу, кьэбгъанэ хьунукъым. Цыхур нэхъыщхьэу зыгъасэр, и гупсысэкIэм зезыгъэужьыр, емрэ фIымрэ зэхигъэкIуф зыщIыр литературэрращ. Художественнэ тхыгъэм Iэмал кьуитын хуейщ псальэм и Iэфыр сабийм зыхэбгъэщIэну. Сэ сыхуейщ школым зэрыщрагъадж тхыльхэр ядгъэлъэкIыну и шьфэIыфрэм, и хьэл-щэным, и гупсысэкIэм теIыхьауэ зэхэгъэуваэу щытыну.

Школ учебникхэр щыдгъэхьэзыркIэ тегъэщIапIэ хьун хуэдэу ильэсиплкIэ зэрреджэн программэ кьыдэдгъэкIащ. Пэжщ, мыбы щыуагъэ гурэхэрэ щытIэщIэкIащ. ЕгъэджакIуэхэм я чэнджэщхэр, кьытхуащI дагъуэхэр кьэтлыт жкъ, учебникхэр аргуэру кьыдэдгъэкIыкъыну ди гугъэщ. Сабийхэм литературэр иджыри кьэс зэраджа программэжьым ныкъуэсаныгъэхэр я куэдщ. Ахэр льэныкъуэ зэредгъэзыным яужь диту. Гугъущ а псор зэхуэбгъэхьуну, зэхуэбгъэIуэну, сыту жьпIэмэ, литературэр кьыщежьар социализмым и зэманырщ икIи а льэхъэнэм кьыдэкIа тхыгъэхэр кудащ абы пыщIа льапсэхэмкIэ.

Ди лэжьыгъэр тхыльхэр кьыдэгъэкIыным кьудейми кьыщыдэгъэгъуэтащ. Дэ идогъэкIуэкI зэIущIэхэр. Институтым и мызакъуэщ, сэ КъБКъУ-м и адыгэбзэ кьудамэми сыщIэщи, абыи Iуэхугъуэ зэхуэмыдэщ, ауэ Iуэхугъуэ зэхуэмыдэщ. Институтым и мызакъуэщ, сэ КъБКъУ-м и адыгэбзэ кьудамэми сыщIэщи, абыи Iуэхугъуэ зэхуэмыдэщ, пшыхьэр кьыщыдгъэзэгъэщ.

- Университет етымрэ Институтымрэ фи лэжьыгъэхэр зэпха?

- Зэпхащ, дауи. Университетым и адыгэбзэ кьудамэр кьэзыуха студент куэд институтым аспирантуу кьокIуэ. Университетым адыгэ кьудамэмкIэ и кафедрэ институтым кьыщызэIутыкну и ужь дитщ.

- ЕвгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, къэхутэныгъэхэм я пыкъхэнэ нэхъыщхьэу кьэпльытэр сыт?

- Гъащ1эм епхащ аэр, кьалэн льаги ягъэзащIэ икIи адыгэ льэпкъым нэхъри зиужьыным хуэмыIуэжьын хуейщ псори. ЩIэблэм и гур дахагъэкIэ псыхьа эрыгъхуным, ар гъуэзджэм дегъэхьэхыным, литературэм, щIэныгъэм пэгъунэгъу зэрыщIыным дыпылъщ. Цыхухэм зэхащIыкIыну сыхуейщи: адыгагъэм уебакъуэ хьунукъым.

- Адыгэ филологие кьудамэм фыщрихьэлIэрэ арэзы фыкъэзымыщI, нэмыщыца Iуэху гуэрхэм, хьэмэрэ...

- Iейуэ дыкъэзыгъэгузавэ Iуэху щыIэщ - ар секторхэм щылажьэхэм адыгэбзэр тэмэму зымыщIэхэр зэрахэтырщ. ЩIэныгъэхэм я доктору, кандидату, ауэ Iуэхурахъэ, адыгэбзэм иримыпсэльэф хуэ, иримыгъэфхуэ - ахуэдэхэр ягъэтщ ди лэжьакIуэхэм. Мис абы дегъэгъазэ, абы дыхегъаплъэ.

Епсэльар

ГУГЪУЭТ Заремщ.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ зэгучъэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ и министерствэр, Щэнхабзэмкlэ министерствэр, Журналистхэмрэ Тхакlуэхэмрэ я зэгучъэныгъэхэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащъэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI **Аущхан Русланрэ Хьэсбий и къуэм** хуогузавэ и анэ **Аущхан (Къазы) Рае Къубатий** и пхъур зэрыIам къыхэкIыу.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэ» къэрал Iэхуэщ1апIэм и лэжьакIуэхэр тхылъ тедзапIэм и директор **Аущхан Руслан Хьэсбий и къуэм**хуогузавэ абы и анэ **Аущхан (Къазы) Рае Къубатий** и пхъур зэрыIам къыхэкIыу.

БАТЫР Мухьэмэд Тучэ и къуэр

Куэдрэ хьэлъэу сымэджа нэужь 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м лIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ым и дэIэпыкъуэгъу, генерал-лейтенант Батыр Мухьэмэд Тучэ и къуэр.

Батыр Мухьэмэд Тучэ и къуэр КъБР-м и Бахьсэн районым хыхьэ Псыхъурей къуажэм 1948 гъэм къыщалъхуащ. 1971 гъэм Орджоникидзе дэт командиз еджапIэ нэхьыщхьэр, 1981 гъэм Фрунзе М. В. и цIэр зезыхьэ дзэ академиер, 1991 гъэм СССР-м Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзэда и Къарухэм я Штаб нэхьыщхьэм и дзэ академиер къиухащ. Илъэс 30-м щIигъукIэ хьэуа-десант дзэхэм къулыкъу щищIащ. Взводым, ротэм, батальоным, полкым я командиру, хьэуа-десант дивизэм и командирым и къуэдзэу, командно-штурмовой бригадэм и командиру, армэм и штабым и унафэщIым и къуэдзэу, армэ корпусым и штабым и унафэщIу, Урысейм и Ищхьэрэ-КъуэкIыпIэ лъэныкъуэм щыIэлъэсырыкIуэ-дзэхэм, тенджэз Iуфэ дзэхэм я командующэу, Штаб нэхьыщхьэм и академием и кафедрэм и унафэщIу щытащ.

Парашютклэ 800-м щIигъуэ кьелъащ. Капитан, подполковник, полковник щIэхэр ягъэува пIалъэхэм нэхьрэ нэхъ пасэу кьратащ. Хэкум и дамыгъэ лъапIэхэр кьыхуагъэфэщащ.

Урысей Федерацэм Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм кьыхэкIыжа иужь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и дэIэпыкъуэгъу.

Батыр Мухьэмэд Тучэ и къуэр дэ зэи тщыгъупщэнкым.

Кьанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Гертер И. К., Жамбоев В. С., Вербицкий А. И., Абрэдж I. Х., Абдулаев М. К., Iэщым Ю.И., Бепаев С.У., Бозий Н. М., Власов А. А., Гъукlэ Хь. Н., Ещыгъуауэ Р. Щ., Жаным Р. М., Кьлжэр А. Хь., Къуэшырокъуэ З. Кь., Ксанаев М. И., Мамбэт М. Хь., Пашты Б. С., Саенкэ Т.В., Сыжажэ Хь. Л., Тау П.К1., Узнаев К. Хь.-М., Харламов Е. В., Хьэгъэс З. А., Хьэщъхуэжь А. Б., ХьэIупщы А. Хьу., ЦIыпIынэ Р. А., Шагин С. И., Шыхьуэбахьуэ М. Хь., Ерчэн Т. Хьу.

● Футбол

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

«Локомотив»-м и чемпионыгъэ ягъэIэпхъуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Локомотив» (Мэзкуу) - 5:2 (2:1). Жэпуэгъуэм и 23-м. Прохладнэ. «Центральный» стадион. Щыуу 700 епсэщ.

Су дьяр Герасименкэ (Брянск).

«Спартак»: Намашкэ, Йованович (Портнягин, 46), Фомин (Кьэжэр, 46), Кьэумыкъу, Мырзэ (Щэуей Iэмырхан, 67), Щэуей Алихан, Хьэгъэбанэ, Тебэрды, Болэ, Серчэ, Пилипчук.

«Локомотив»: Боданов (Костриков, 72), Зуйков (Бурнаш, 56), Павлов, Голбан (Борисов, 75), Дьяков, Калинский (Маренич, 54), Подберезкин (Дудкин, 72), Хартиоди, Нуров (Менделев, 79), Синявский (Закускин, 46), Полоз.

Топхэр дагъэкIащ Полоз, 4 (0:1). Болэ, 8 (1:1). Йованович, 29 (2:1). Мырзэ, 65 (3:1). Портнягин, 73 (4:1). Дьяков - пенальтикIэ, 82 (4:2). Кьэжэр, 90+2 (5:2).

Дагъуэ хуащIащКъумыкъумрэ Закускинымрэ.

ДЖЭГУГЪУИБГЪУ хъуэуэ темыкIуэ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым зэуэ зыкъыщэхьухьащ. Абы Прохладнэм бжьгъэшхуэкIэ щыкнигъэщIащ турнир таблицэм пашэныгъэр щызыщIыгъ Мэзкуу и «Локомотив»-р.

Ди щIалэхэр хагъэщIамэ, кьэнэжа джэгуГъуитIым емылъытауэ, хьэщIэхэр мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыгъэкIуэнут. Абы хуэфэщэнуи «Локомотив»-м кьыщIидзащ икIи еплIанэ дакъикъэм бжьыгъэр кьызэIуихащ. Дыщэ медалхэр зи нэгум кьыщIидза мэзкуудсхэр псынщIэ дыдэу игъэущIыжащ Болэ Руслан дигъэIа топ дахэм. Абыкlи ди щIалэхэр кьызэтеувыIэжьым икIи загъэпсэхуну имыкI щIыкIэ 2:1-э ящ ящащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэрэ налшыкдэсхэм я тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ. Мырзэ Рэзуанрэ Портнягин Игоррэ бжьыгъэр 4:1-м щынагъэсам гурыIуэгъуэ хъуащ «Локомотив»-м и чемпионыгъэр игъэIэпхъуэн зэрыхуейр. Адэкlэ Дьяковымрэ Кьэжэрымрэ топ зырыкIэ зэрыIэ хъуэм кIэух бжьыгъэр 5:2-м хуигъэкIуауэ аращ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ адрей командэхэм я зэIущIэхэр зыкъыщыхьэщIащ къаникIуэ бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Спар так» - «Томь» - 4:0, «Динамо» - «Рубин» - 0:0, «Анжи» - ЦСК А - 2:1, «Волга» - «Краснодар» - 0:2, «Тэрч» - «Амкар» - 2:4, «Кубань» - «Крылья Советов» - 3:1, «Ростов» - «Зенит» - 1:0.**

ХЬЭЗАУ Исльам.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемэ хэтхэм гущIыхьэ ящIыхьащ ЩIДАА-м и академик, философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, литературовед, критик **Джатэгъэжь Владимир Ахьмэдхъан и къуэр** дунейм зэрехьащ икIи и Iыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Ныбжьэгъугъэр ящэ итщ

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Тыркум, Сирием, Иорданием къикIа ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджэхэр иджыблагъэ Щэджэм районым щыхьэщIащ. Адэжь щIыналъэм хуаIэ пыщIэныгъэр нэхъри гъэбыдэныр, хэхэс адыгэхэм я щIэблэр лъабхэм щекIуэкI гъащIэм куууэ хэщэныр, я льэпкъэгъуэхэр нэхъ гъунэгъу зрагъащIыхуныр - ахэращ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зэгучъэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ и министерствэм хуогузавэ зэIущIэхэм я щыхьэнэ нэхъыщхьэр.

ХАМЭ къэралхэм щикъуэка ди льэпкъэгъуэхэм я щIэблэр гуапэу щрагъэблэгъащ Щэджэм куейм и гъунапкъэм. Абыхэм кьапежьащ Щэджэм район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Къэжэр Альберт.

Ныбжьыщ1эхэр ящэ щIыкIэ ящащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда ди сэлэтхэм я фэеплъ сыным икIи абы удз гъэгъахэр тралъхьащ. Иужьк1э гупыр ирагъэблэгъащ а куейм щыIэ хэкуридж музейм. Студентхэр хуабжьу яфIэгъэщIэгъуэну хэтащ Щэджэм кьалэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм кьыщыдэрагъэпэща махуэшхуэм. Льэпкъ шхыныгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэр, республикэм теухуауэ еджакIуэхэм ящIа суртэтхэр, концерт дахэр - куэд хъурт а махуэм хэщIэхэм я нэгу щIэкIар. ГуIэфIтещIэж хъуат Щэджэм псыкъельэхэм щагъэкIуа зэманыр.

Щэджэм куейм щекIуэкI гъащIэм, щызэрахьэ хабзэм, и щIыпIэ дахэхэм итхьэкъуа хьащIэхэм Налшык къагъэзэжьну хуейтэкъым. ЩIалэхэмрэ пащащэхэм-рэ жаIащ бысымэхэр зэрыгуапэр, хьэщIэм пщIэ хуащIу, сыткIи дэIэпыкъугъэу хъуну хьэзыру зэрыщытыр.

Хамэ къэрал щыпсэу щыгъэ адыгэхэм я щIэблэр ди лъахэм щыхамэкъым. Зыхьыхьэкъэ тыншу псэлъэгъу кьащIыф, ныбжьэгъутэ, зэпыщIэныгъэхэр я зэхуэку кьыдохъуэ. Абы мыхьэнэщхъуэ иIэщ, сыту жьпIэмэ, дэнэ къэрал щымыпсэуми, зэлъэпкъэгъуэхэр, зэхэхуэгъуэхэр зэрыIыгъмэ, зэгурыIуэмэ, зэныбжьэгъуну, зэгъэусу зэдэлажьэну жэрдэм яIэнущ - ар ди республикэр нэхъ къарууфIэ зыщI Iуэхугъуэхэм ящыщщ.

НАНЭ Лерэ,

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгучъэныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ и кьыдагъкI

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-37-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМ ЭХЭМ: политикамкIэ, жылагъуэмрэ льэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхугъащ1апIэм ядэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэзекIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтер - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пажащIыжьмкIэ я жэуап ящ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеухуэ зэныгу щыткIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федераль пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъуэзагъэм и 16-м Печатным и хуитныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Сонэ**, редакторэу **Текlуужь Заретэ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Юрэ** *(1, 4-нэ нап.),* корректорхэм я дзIэныкъуэгъэу **Мырзэкан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэ щIащ:* Дол Маринэ, **Щомахуэ Марианэ**, *суратхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазырац.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №3618